



"ouvè byen laj"



"men avyon an pral ateri"

Entwodui solid pou tibebe ki gen 4 jiska 6 mwa

YON MOMAN SELEBRASYON:

Premye gou manje solid tibebe a pran

Se yon eksperyans enteresan pou yon tibebe lè li goute manje solid pou premye fwa Yon nouvo fòm. Yon nouvo gou. Yon nouvo konpetans difisil pou aprann ak selebre. Men, sonje anyen pa kapab vrèman prepare yon tibebe pou premye gou li pran nan manje solid. Tout timoun reyaji yon fason diferan, kidonk pa sezi kèleswa figi tibebe w la fè an repsons ak eksperyans l ap fenk fè a. Jis asire w ou gen yon kamera anba men w pou konsòve bòl etap enpòtan sa a! Keson ak repsons sa yo ka ede w nan premye eksperyans manje sa a k ap fè nan kè kontan.

Ki premye manje yon tibebe ta dwe manje?

Dènye rechèch yo montre tibebe yo ka kòmanse ak yon kantite manje diferan, ki gen ladan l pire vyann, legim ak fwi. Sereyal senp ki fòtifye ak fè oswa pire vyann (espésyalman vyann bèf) se bon chwa pou tibebe w la eseye an premye paske yo gen anpil fè.

Èske gen nénpòt manje tibebe mwen an poko dwe manje?

Si w ap fè pwòp manje pou tibebe w la, pa ba l manje bètrav, kawòt, pwa vèt oswa fèy vèt tankou epina. Yo kapab gen anpil nitrat epi yo ka danjere pou tibebe ki poko gen 6 mwa. Vèsyon legim nou jwenn achte nan magazen an byen!

Konbyen tan ak konbyen fwa mwen ta dwe bay tibebe mwen an manje?

Ba li ti kantite manje nan manje pou tibebe ki gen yon sèl engredyan ak yon kiyè de (2) oswa twa (3) fwa pa jou. Kanpe lè li vire tèt li lwen kiyè a oswa li pa vle ouvri bouch li. Lèt manman oswa lèt tibebe yo ta dwe toujou sous prensipal nitrisyon tibebe w la.

Kòman pou mwen fè sereyal tibebe mwen an?

Melanje apeprè 2 jiska 4 gwo kiyè sereyal yon sèl engredyan ak lèt manman, oswa lèt tibebe ki gen fòtifyan fè jiskaske li gen konsistans yon sòs fen.

Kòman pou mwen prezante diferan manje bay tibebe mwen an?

Varyete bay lavi a gou! Ba li yon sèl manje pandan omwen yon semèn. Apresa, eseye yon lòt manje ki gen yon sèl engredyan. Tann 3 jiska 5 jou anvan ou ba li yon nouvo manje pou gade siy alèji.

Kijan mwen pral konnen si tibebe mwen an fè alèji ak yon manje?

Siy ki plis montre gen alèji se gratèl, iritasyon, anfleman epi/oswa kote ki wouj. Rele doktè w si w wè nénpòt nan siy sa yo sou po tibebe w la.

Èske mwen ta dwe mete manje tibebe nan yon bibon?

Ou ta dwe toujou bay ak yon ti kiyè manje tibebe, ki gen ladan l sereyal—pa janm nan bay li nan bibon. Lè w ba li l nan bibon li kapab lakòz li toufe. Li tou vòlè tibebe w la nan nouvo avanti enteresan sa a!

Kisa pou m fè si tibebe mwen an pa renmen manje tibebe a?

Manje se yon avanti ki nouvo ak eksitan pou tibebe yo, men li ka pran yon ti tan anvan yo abitye. Kontinye ba li yon ti kantite—apeprè mwatye yon kiyè — mete l sou pwent lang ti bebe w la epi kite tan pou tibebe w la eksploré l pití pití, epi abitye ak nouvo sansasyon sa a.

modèl manje

Ti goute maten

1 jiska 2 gwo kiyè sereyal diri melanje ak lèt manman lèt tibebe ki fòtifye ak fè

Ti goute nan apremidi

1 jiska 2 kiyè pire vyann

Timoun ki gen kat (4) jiska sis (6) mwa toujou bezwen lèt manman oswa lèt tibebe pou grandi ak devlope. Nan laj sa a, tibebe yo pran tete anjeneral tete 6 jiska 8 fwa oswa plis pa jou. Ti bebe ki nour ak lèt tibebe bwè apeprè 30 ons pa jou.



mass.gov/wic

1-800-WIC-1007

Enstitisyon sa a ofri tout moun opòtinite egalego.



@MassWIC

Cover photography by Michael Young www.yamstudio.com

GOOD FOOD and
A WHOLE LOT MORE!

TH02/19